

Byenveni nan Admisyon G&T!

Pwogram pou elèv ki gen don ak talan (**Gifted & Talented, G&T**) yo ofri enstriksyon akselere pou elèv lekòl primè ki elijib nan Vil Nouyòk.

Kiyès ki ka patisipe?

Tout fanmi Vil Nouyòk ki gen timoun ki fèt an 2017

Kòman pou patisipe

- **Pou timoun ki kounye a nan lekòl distri DOE, Sant Pre-K Center, NYC Early Education Center (NYCEEC) oswa nan yon Charter School**
 - Pwofesè aktyèl tout elèv pre-K gen pou evalye yo,
 - Si yon timoun elijib, y ap rekòmande li pou admisyon nan G&T.
 - Fanmi timoun ki elijib yo rekòmande pral resevwa yon lèt elijiblite G&T *avan* yo ouvri peryòd aplikasyon an, pou envite yo aplike; si yo enterese, yo ka aplike lè peryòd aplikasyon an ouvri, **ant 31 me ak 13 jen**. Yo pral konsidere tout elèv ki aplike pou òf.
- **Pou timoun ki kounye a nan lekòl prive oswa lekòl pawasyal, oswa timoun ki poko ale lekòl**
 - Fanmi ki enterese ka aplike lè peryòd aplikasyon an ouvri, **ant 31 me ak 13 jen**.
 - Lè peryòd aplikasyon an fèmen, ekspè nan edikasyon pou debitan ap kontakte w pou pwogramme yon entèvyou.
 - Si yon timoun elijib, y ap rekòmande li pou admisyon G&T epi y ap konsidere li pou yon òf.

Jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis rekòmandasyon an nan schools.nyc.gov/GT.

Jwenn plis enfòmasyon nan yon sesyon vityèl k ap fèt nan mwa me a

Vin patisipe avèk nou nan yon reyinyon pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram G&T ak pou aprann kòman pou aplike. Pral gen chans pou poze kesyon. Y ap afiche enfòmasyon sou dat, lè, ak entèpretasyon espesifik nan schools.nyc.gov/GT epi y ap voye l tou pa imèl —anrejistre jodia nan schools.nyc.gov/SignUp.

Aplike nan delè 13 jen an

Peryòd aplikasyon an ap kòmanse 31 me epi l ap fini 13 jen. Nan aplikasyon pitit ou a, ou ka aplike pou jiska 12 pwogram G&T ki enterese w. Asire w pou klase pwogram sa yo nan vrè lòd ou pi pito a, kote w ap mete pwogram ou pi renmen an kòm #1. Apresa, voye aplikasyon w lan ale nan youn nan fason sa yo nan delè a:

- Sou entènèt nan **MySchools.nyc** oswa
- Atravè yon Sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Center. FWC) (schools.nyc.gov/FWC)

Ou bezwen yo ede w? Rele nou nan 718-935-2009 oswa voye yon imèl nan ESEnrollment@schools.nyc.gov.

Tout pwogram G&T fèt pou akeyi ak sèvi tout elèv ki elijib, ladan timoun ki gen bezwen aksè pou chèz woulant, timoun ki gen andikap, timoun ki pale yon lang ki pa lang anglè ak timoun ki nan lojman tanporè. Tout fanmi, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo, ka aplike.

Gen plis enfòmasyon nan:



schools.nyc.gov/GT



schools.nyc.gov/SignUp



718-935-2009